

Avi Endistri 25-03
7/1/2025
Pou Pibliye Imedyatman

Avi: Nouvo Estrikti Ensantiv ki Mete an Plas pou Dispatch Aksesib & Vwayaj Taxi E-Hail ki Aksesib

Kòmanse depi 1ye Jiyè 2025, frè ekspedisyon chofè a (ke yo rele tou frè 'deadhead') ke chofè yo konn resevwa pou konplete vwayaj taxi Dispatch Aksesib yo ap chanje. Nouvo direktiv ensantiv yo pral konsa:

- Chofè ki konplete vwayaj taksi aksesib ke kliyan yo rezève atravè Dispatch Aksesib la oubyen Sant Apèl E-Hail ki aksesib la ap resevwa yon bonis \$10 paske l konplete vwayaj la, anplis de frè vwayaj la.
- Sant Apèl sèvis taksi Aksesib yo aktyèlman se:
 - Dispatch Aksesib (ki opere pa MTM)
 - Arro E-hail ki Aksesib
 - Curb E-hail ki Aksesib
 - Myle E-hail ki Aksesib
- Se Fon Amelyorasyon Taksi a (TIF) ki ap peye chofè yo chak mwa pou vwayaj taksi aksesib ki te rezève atravè yon sant apèl.
- Dispatch Aksesib, ki opere pa MTM lan, ap swiv tou nouvo estrikti bonis chofè a.
- Founisè E-hail ki gen Lisans TLC a oblije bay opsyon pou rezève epi rapòte vwayaj sa yo chak mwa bay TLC, apati de 1ye Jiyè 2025.
- Chanjman nan modèl bonis chofè Dispatch Aksesib la enkli nan Règ E-Hail ki Aksesib yo ke komisyon an te adopte 26 Mas 2025

Resous pou Chofè pou Vwayaj Taksi ki Aksesib

- [E-Hail ki Aksesib](#)
- [Enskripsyon pou Fon Amelyorasyon Taksi \(TIF\)](#)
- [Gid ak Videyo Fòmasyon sou Kijan pou Asiste Kliyan](#)

Pou kesyon ki gen rapò ak pèman TIF, kontakte TIFT@tlc.nyc.gov

Pou tout lòt kesyon, kontakte driversupport@tlc.nyc.gov